



Pou Piblikasyon Imedya: 23/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLAN DIREKTÈ (MASTER PLAN) POU PÒTAY DANTRE \$32 MILYON “GATEWAY TO THE ANDIRONDACKS” LA NAN SÒTI 29 NORTHWAY LA (EXIT 29)**

***Brasri Paradox Brewery a pral Agrandi nan Gateway la, I ap envesti \$2.8 Milyon epi Kreye 22 Nouvo Djòb***

***\$32 Milyon Investisman Prive ak Piblik pou Kreye yon Sant Touris ak Lwazi ki gen Kalib Mondyal***

***Plan Direktè a Disponib [Isit la](#)***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Plan Direktè pou etabli yon pòtay dantre Gateway to the Adirondacks la nan Sòti 29 Northway a, nan vil North Hudson lan. Pòtay dantre Gateway yo pral fè a ap sitiye nan kè Adirondacks, nan sit ki te yon fwa anplasman Frontier Town la, ki te yon pak lwazi popilè vid depi plizyè ane. Gouvènè a anonse tou brasri Paradox Brewery a, ki se yon biznis bwason atizanal ki te pran nesans nan Eta New York, pral agrandi fonksyonman l yo nan sit Gateway a, l ap enves ti \$2.8 milyon epi kreye 22 nouvo djòb nan North Hudson. Eta a pral travay avèk patnè piblik ak prive l yo pou sekirize yon estime \$32 milyon pou kreye yon destinasyon touris ki gen kalib mondyal nan sit la.

**Gouvènè Cuomo te di:** “Pòtay dantre Gateway to the Adirondacks la pral yon sant touris ki gen kalib mondyal nan yon lokalite estratejik pou atire nouvo vizitè yo vini nan pak Adirondack Park la epi estimile kwasans ekonomik nan North Country a. Yo te devlope Plan Direktè a avèk patnè enpòtan nan kominote yo, l ap ajoute sou efò global pou pwoteje pak Adirondacks Park la pandan l ap atire touris pou yo vin fè eksperyans bann seri opsyon lwazi eksepsyonèl rejyon an gen pou l ofri yo.”

Eta New York la ak Open Space Institute la (Enstiti Espas Ouvè yo, OSI), k ap travay an kolaborasyon ak vil ozalantou Adirondacks yo, te rekrute yon antrepriz prive pou kreye yon plan pou yon nouvo sant lwazi ki pral amelyore sèvis debaz lokal yo, agrandi aksè, epi atire plis vizitè pou vini nan pati sa a nan Park la. Yo te devlope Plan Direktè a an patenarya ak Vil North Hudson lan, senk vil ki fè pati Sant Lwazi Hudson lan Zòn Nò a yo (Upper Hudson Recreation Hub), Asosasyon Pwodwi Forestye Empire State la

(Empire State Forest Products Association), Open Space Institute, ak Konte Essex la, ki gen ajans devlopman endistriyèl li a ki pral sipèviz fonksyonman plan. Sit Gateway a chita nan yon melanj ant Konte Essex ak vil North Hudson lan, se yon pwopriyete ki mezire 300 kawo otototal, epi ki gen ladan l prèske de vigil kat kilomèt peyizaj pitorèsk Schroon River a.

[Plan Direktè \(Master Plan\)](#) pou pòtay dantre Gateway to the Adirondacks la gen ladan:

- Yon tèren kan pou DEC ak yon espas yo itilize pandan lajounen sou bò rivaj Schroon River a;
- Yon espas ak yon santye pou monte chwal ;
- Yon Sant Enfòmasyon pou Vizitè yo pou entwodwi vizitè yo a destinasyon lwazi ki gen kalib mondyal nan pak Adirondack Park la yo ;
- Yon Sant Evènman (Event Center) ki gen lojman pou touris yo;
- Ekspozisyon entèaktif nan estrikti istorik yo k ap mete aksan sou tan pase, prezan, ak avni pwodwi forestye Adirondack yo ak endistri pwodwi alimantè lokal yo.

Brasri Paradox Brewery a gen plan pou agrandi fonksyonman brasaj li yo nan nouvo lokalite Gateway a an 2017, ansanm ak ouvri yon ba ki ofri yon seleksyon byè ak pwodwi alimantè New York yo. Paradox ap fè fonksyone aktyèlman nan yon sal degistasyon nan lak Schroon Lake la. Poutèt pou ankouraje agrandisman ak kreyasyon 22 nouvo djòb yo, Empire State Development (ESD) te ofri jiska \$200,000 nan prim ankourajman ki baze sou pèfòmans, ki gen ladan l yon sibvansyon ak kredi taks Pwogram Djòb Excelsior la yo (Excelsior Jobs Program tax credits).

Sòti 29 nan Northway a nan rankont ant otowout Blue Ridge Highway a ak Route 9 la. Otowout Blue Ridge Highway la se yon wout ki fonksyone pandan tout sezon yo ki pase atravè anpil milye kawo nan tè Prezèv Forè Adirondack la (Adirondack Forest Preserve) ak konsèvasyon tè fonsyè yo, ki gen ladan pwopriyete Boreas Ponds lan yo te achte resaman yo. Wout sa a founi aksè rapid ki fasil a vil Newcomb, Minerva, Long Lake, ak Indian Lake yo. Route 9 la relye North Hudson ak lak Schroon Lake ak wout pou bisiklèt Route 9 State Bike Route la pral fè pati Santye Empire State te pwopoze a, k ap kreye santye eta a plizyè izaj ki pi laj nan peyi a.

**Paul Mrocka, Prezidan ak Fondatè Brasri Paradox Brewery a, te di:** “Brasri Paradox Brewery a t ap chache pou l agrandi operasyon l yo epi nou kwè opòtinite nan North Hudson lan se yon chwa pafè. Avèk sipò Gouvènè a ak Empire State Development lan, nou ap pote emosyon vif brasaj atizanal nan yon lòt kominote nan Konte Essex la. Nouvo lokalite sa a, nan pye kòmansman santye a, ale byen ak tèm Adirondacks nou an. Panorama sou mòn sa yo se yon konpleman ideyal pandan vizitè yo ap fè eksperyans Vrè Byè Atizanal Adirondack la (Pure Adirondack Craft Beer).”

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal Eta New York la (New York**

**State Department of Environmental Conservation, DEC), Basil Seggos te di,** “Plan vizyonè Eta a pou Gateway a ap ajoute sou efò san pran souf Gouvènè Cuomo ap fè pou konsève bote ak aspè sovaj Park la pandan y ap ogmante opòtinite ekonomik pou rezidan ak biznis zòn lan yo. Nouvo Gateway nan Sòti 29 la ap aksesib fasilman epi nan lespas kèk minit anpil milye kilomèt santye lwazi sou tè piblik yo ak konsèvasyon tè fonsyè ki ouvè pou monte bisiklèt, fè randone, monte eski, ak monte motonèj, ki konekte kominote yo atravè tout Park la. DEC gen Open Space Institute larekonesans paske l founi resous nesèsè yo pou reyini tout moun ansanm pou kreye Plan Dirèkte a.”

**Prezidan, PDG ak Komisè ESD a, Howard Zemsky te di,** “Anba lidèchip Gouvènè Cuomo a, efò nou te fè pou revitalize ekonomi atravè tout Rejyon Nò New York la pi solid pase jamè. Pòtay dantre Gateway to the Adirondacks la pral kontinye fè vanse misyon ekonomik nou an epi ranfòse touris ak endistri bwason atizanal yo lè yo pote vizitè ak djòb vini nan North Country.”

**Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball te di,** “Pwojè Gateway to the Adirondacks la se yon bèl egzant pou montre angajman Eta New York pran ak efò inovatif l ap fè pou devlope endistri bwason atizanal li a. Plan pou brasri Paradox Brewery pou l agrandi biznis li yo nan Gateway a pral non sèlman ede sipòte agrikilti lokal la men tou l ap estimile touris agrikòl la epi atire plis vizitè vini nan Adirondacks.”

**Senatè Betty Little te di,** “Mwen te kondi pase bò ansyen Frontier Town lan plis fwa pase mwen ka sonje, men chak fwa m ap panse epi m ap espere pou gen yon lòt bagay ki ta ka atire vizitè ankò nan anplasman sa a. Konsa a, m pa bezwen di plis, mwen kontan anpil pou m wè kolaborasyon ant eta a ak gouvènman lokal yo ak sektè prive a pou yo kreye yon nouvo destinasyon nan lokalite ideyal sa a ki pral san dout estimile touris toupatou atravè rejyon an. Mwen te kontan anpil pou m travay ak Gouvènè Cuomo ak administrasyon li an pou devlope endistri touris nou an. Envestisman yo fè yo toujou byen rantabilize, y ap pote plis vizitè ak plis revni pou biznis yo. Nou gen anpil bagay pou nou ofri, pa gen okenn kote ki ka konpare ak Adirondacks, epi Gateway sa a pral ekspoze l pafètman.”

**Manm Asanble Dan Stec te di,** “Pwojè eksitan sa a gen potansyèl pou atire anpil milye vizitè vin nan North Hudson pou konekte yo ak opòtinite lwazi enkwayab ki gen nan zòn sa a nan Pak la. Sa a dekonsè ak djòb y ap kreye atravè devlopman biznis komèsyal la yo pral revitalize kominote yo nan rejyon sa a.”

Eta a ak minisipalite li yo ak patnè prive li yo pral kontinye fè efò pou devlope sit la, k ap konsantre sou devlopman etablisman ekitasyon, kan, ki asosye ak pakin ak santye yo.

**Koprezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country a (North Country Regional Economic Development Council), Anthony G. Collins, Prezidan Inivèsite Clarkson lan (Clarkson University), ak Garry Douglas, ki se Prezidan Chanm Komès North Country a (North Country Chamber of Commerce), te di,** “Revitalizasyon kominote Adirondack yo tankou North Hudson lan te nan sant plan devlopman ekonomik rejyonal la depi nan kòmansman. Sa ki fè vil sa a vin yon antre

aktif pou vizitè Adirondacks yo, avèk brasri Paradox Brewery a kòm yon nouvo atraksyon ak biznis, ak 22 nouvo djòb konsa, ki transfòmasyonèl pou North Hudson epi l ap estimile tout rejyon an nèt. Nou remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman l kontinye pran anvè North Country ak kominote li yo.”

**Sipèvizè Vil North Hudson lan, Ron Moore te di,** “Sipò Gouvènè Cuomo pou konsèp Plan Direktè yo pral grandman reyetableli North Hudson lan kòm yon destinasyon touris ak yon sant biznis, k ap pote djòb ak aktivite ekonomik yo byen bezwen nan vil nou an. Mwen vrèman kontan DEC pral devlope enterè nan tè Vil ak Konte yo pou kreye yon espas kan ak lwazi epi asire gen yon nouvo sant ekiteyasyon nan pati sa a nan pak Adirondacks Park la pral gen anpil siksè. Sa a, dekonsè avèk enterè brasri Paradox Brewery pou agrandi fonksyonman nan sit la yo, pral vrèman transfòmatif pou North Hudson.”

**Prezidan Konte Essex la Randy Preston te di,** “Konte Essex la mete 100% sipò dèyè konsèp Plan Direktè a epi mwen kontan anpil pou nou fè patenarya avèk Gouvènè Cuomo ak kominote rejyon Adirondacks sa yo pou reyalize potansyèl fenomenal pou devlopman piblik ak prive ki gen nan sit sa a. IDA (Industrial Development Agency) Konte Essex la pral pran responsabilite pou jere pwojè a, l ap asire konsistans nan konsèp devlopman ak founi asistans bay biznis prive entèrese yo ki ka vle pou yo lokalize yo nan Sòti 29 la.”

**Direktè Egzekitif Asosyasyon Pwodwi Forestye Empire State la (Empire State Forest Products Association), John Bartow te di,** “Nou kontan anpil pou nou fè patenarya avèk Lidè Eta ak lokal yo pou eksplòre potansyèl sit sa a pou mete aksan sou enpak endistri pwodwi forestye yo te genyen deja epi y ap kontinye genyen sou rejyon Adirondack la.”

**Kim Elliman ki se Prezidan ak PDG Open Space Institute la, te di,** “Devlopman Plan Direktè sa a se yon testaman pou sa ki ka akonpli atravè kolaborasyon ak lidèchip efikas piblik ak prive. Angajman pataje pou agrandi aksè a lwazi epi amelyore aktivite ekonomik atravè tout kominote sa yo mete an evidans enpòtans konsèvasyon tè yo pandan n ap entwodwi vizitè yo a anpil milyon kawo tè Forest Preserve yo OSI ak lòt gwoup yo te ede prezève. Anplis, nouvo sant lwazi sa a pral ofri nouvo opòtinite pou eksplorasyon epi dispèse vizitè yo pi byen.”

###